

**Ijambo rishikirijwe ku musi mukuru w'ukwibuka imyaka 150 iheze  
hashinzwe Umuryango w'Abamisiyonari b'Afrika n' umuryango  
w'Ababikira b'Abamisiyonari b'Afrika**

**Mbogora, 8 Kigarama 2018**

Nyenicubahiro Mwungere mukuru wa Diyoseze nkuru ya Gitega,  
Nyenicubahiro Mwungere mukuru wa Diyoseze nkuru ya Bujumbura,  
Nyenicubahiro Mwungere wa Diyoseze ya Rutana,  
Nyenicubahiro Mwungere wa Diyoseze ya Ruyigi,  
Nyakwubahwa Patiri urongoye Abapatiri bamisiyonari b'Afrika mu gihugu cacu,  
Nyakubahwa Patiri urongoye Abapatiri bamisiyonari b'Afrika muri Etiyopiya,  
Israeli na Libani,  
Nyakubahwa Cegera cambere c'Umukuru w'Inama nshingamateka,  
Nyakubahwa Patiri mumisiyonari w'Afrika, Silasi NSABIMANA uhejeje kwaterwa muri iryo banga,  
Banyakubahwa Basaseredoti n'Abafrera bamisiyonari b'Afrika mwese,  
Banyakubahwa Babikira bamisiyonari b'Umugabekazi w'Afrika,  
Banyakubahwa Bsaseredoti namwe Bihebeyimana mwese,  
Banyakubahwa mwese mwateye iteka uno musi mukuru,  
Bakristu na mwebwe mwese mukoraniye ngaha,

1. Kw'izina ry'Inama y'Abepiskopi Gatolika b'i Burundi ndahimbawe no kwifatanya namwe Bavyeyi bacu Bamisiyonari b'Afrika, Abasaseredoti n'Abafrera na mwebwe Ababikira bamisiyonari b'Umugabekazi w'Afrika, kuri uno musi muriko murahimbaza imyaka 150 iheze, kuva Nyenicubahiro Karoli Kardinali Lavigerie atanguje imiryango yanyu. Mbanje kubashimira ko mwadutumiye ngo tuze gusangira namwe akanyamuneza n'ivyiza vy'Imana vyo kuri uno musi Ekleziya ikwiye kw'isi yose isanzwe ihmbara umusi mukuru wa Bikira Mariya yasamwe ata gicumuro, akaba kandi ari we Muvunyi wanyu mwese, Abapatiri n'Abafrera bamisiyonari b'Afrika, na mwebwe Ababikira bamisiyonari b'Umugabekazi w'Afrika.
2. Twaje gusangira namwe akanyamuneza k'uyu musi mukuru ntangere kugira ngo tubonereho no kubakengurukira nk'abavyeyi bacu mu kwemera, tubakeze, twongere tubipfurize itoto n'ishaka mu kubandanya mushingira intahe ingabirano ndangamuhamagaro y'Umuvyeyi wanyu Kardinali Lavigerie, ari na yo namwe mwatoranye nk'akarangamutima k'imiryango yanyu.

## **Ugukenguruka ko mwatwibarutse mukaturera**

3. Nyakwubahwa Patiri urongoye Umuryango w'Abapatiri bamisiyonari b'Afrika mu gihugu cacu, mwe n'abavukanyi bawe urongoye, eka na mwebwe Banyakubahwa Babikira bamisiyonari b'Umugabekazi w'Afrika, turi "abana banyu nyakuri mu kwemera" kumwe kwa Timote kuri Pawulo Mweranda (1 Tim 1:2). Turabiginye kandi turabakuriye ubwatsi nk'abavyeyi bacu, naho kubw'emyaka y'amavuko, bamwe mukiri bato, ugereranije n'abatari bake muri twebwe. Ntiturota tubihakana na rimwe, naho vyogenda gute. Mwaratwibarutse, muraturera, muratwigisha gusenga Imana y'ukuri be no kugendera iteka ntangere yaturemanye. Ni mwebwe mwatwigishije gusoma n'ukwandika, mbere n'ururimi rwacu rw'ikirundi, muba ari mwebwe mutangura kudushirira ababona indongoramvugo yarwo. Erega ni na mwebwe dukesha ukumenya yuko twaremanye agashusho k'Imana kandi ko kubera ico, zina murundi wese afise iteka ridakwiye gutekerwa mu vyatsi.
4. Ni ko, abamenye umushike wo kumenyesha Inkuru nziza ya Yezu-Kristu muri iki gihugu cacu, baje bazananye na benewabo bagenzwa n'ukwigarurira ibihugu ngo babikuremwo amaronko, kandi ivyo bituma bamwe bamwe babinuba ngo bari umwungu wa rwa ruyuzi. Mugabo, umuntu avyihiweje neza, na cane cane ategera ko Inkuru nziza ya Yezu-Kristu iduhishurira Imana y'ukuri ikongera ikaturangira n'ingene umuntu w'ukuri akwiye kumera, ntiyoreka gukenguruka yuko abo nyene ari bo babivye imbuto nziza yahavuye ikabura mu bwenge no mu mitima y'Abarundi bamwe ishaka ryo kurwanira intahe y'ukwikukira. Noneho, uwusuzumye neza akahise arabona yuko muri abo, habayemwo n'abasaseredoti b'imvukira barezwe na bakuru banyu nyene.

## **Ukubakeza**

5. Turabakeje rero ku vyiza vyose mwaranguye muri iyo myaka 150 yose Imiryango wanyu imaze irangura ubutumwa bwo kumenyesha Inkuru Nziza ya Yezu Kristu muri Afrika. Uyu munsi mukuru si uwanyu mwenyene, na twebwe tuwiyumvamwo nk'uwacu, bwa Ekleziya iri mu Burundi. Uduhaye akaryo ko kwibuka no gukenguruka ko ari mwebwe mwatumenyesheje Inkuru nziza ya Yezu-Kristu, mumeneye ubwa mbere mu Rumonge, aho

mbere bakuru banyu basheshe n'amaraso yabo bigura Kristu n'ubukiriro bw'Abarundi batari bwanamenye hafi na hafi. Ni umusi utwibukije gutangarira ukuntu Umuvyeyi wanyu Kardinali Lavigerie n'abo yagiye aratuma babaye inshirwarimenetse, bitavuye ku munoho w'amaronko canke ubwishime bwo kwigarurira ibihugu, mugabo babikesheje urukundo rw'Imana n'abantu rwabarurumbamwo, rugatuma bagira nka Pawulo Mweranda bati: "Noba ndarwiciriye ntamenyesheje Inkuru nziza y'urukiza". Ni rwo rwatumye badateba gusubira kugergeza kwinjirira muri iki gihugu cacu, baciye mu bueruko. Ni ko kugushikira i Misugi, hanyuma bagahava bagerera i Muyaga. Gurtyo iyo Nkuru nziza igahava ikwiragizwa mu gihugu cose gushika n'aho havuka imiryango y'abakristu ikomeye, yavyaye abasaserdoti n'abihebeyimana benshi batuboneye izuba.

6. Turatangarira ingene mwitanze kugira ngo tumenyenye Inkuru Nziza ya Yezu Kristu, mukemera n'ibibagora vyinshi. Turazi ko bitaboroheye namba. Uretse n'ubutwari bw'abasheshe amaraso yabo navuze, dutangarira, be n'ubw'abatatinye gusubira guhonyoza ikirenge mu gihugu cacu, turikugura n'ingene bakuru banyu bambere bihase bakiga ikirundi, bakarara mu gahinga, bagakwiragira mu gihugu cose n'amaguru, bakarinda vyose, ata kindi kibaraje ishinga atari ukumenyesha Inkuru nziza y'urukiza abarundi. Kumwe Paulo Mweranda avuga ati: "Narigize Umuyuda mu Bayuda ngo ngarure Abayuda" (1 Co 9, 20), hanyuma ati: "Kubera bose narigize vyose, kugira ngo, uko bishoboka kwose, hagire abo nkiza" (1 co 9, 22), ni ko na twebwe twovuga kuri bakuru banyu kuko barigize Abarundi mu Barundi kugira babagarurire ku Mana.

### **Ukubipfuriza itoto n'ishaka**

7. Uguhimbaza umusi mukuru nk'uyu, ni akaryo kabereye k'ugukenguruka ukuntu mwagumije iragi n'akarangamutima k'Umuvyeyi wanyu Karoli Kardinali Lavigeri. Icivugo ciwe ngo "Nimukunde Afrika", ntimwagihemukiye. Mwagumye mukigendera, mwisunze urukundo rwa Kristu Umwana w'Imana, We yaje kugira ngo abantu baronke ubuzima kandi ubuzima bwuzuye (raba Yoh. 10,10). Sinogenda ntagarutse ku majambo amwe amwe yanditse abahimiriza kwitwararika iyo ntumbero.

" J'ai pris moi-même pour devise: l'amour, l'amour de Dieu et celui de tant de pauvres âmes abandonnées. Cet amour m'a soutenu, au milieu des difficultés et des travaux qui ont usé ma vie avant l'heure. C'est aussi lui qui vous donnera la force, l'abnégation héroïque, la persévérance nécessaire pour retirer, peu à peu, de la mort les peuples auxquels vous êtes envoyés. Aimez-les donc comme une mère aime ses fils, en proportion de leur misère et de leur faiblesse. Aimez l'Afrique qui est loin de nous, pour les plaies sanglantes de son esclavage, pour les cris de douleur qui s'élèvent, depuis tant de siècles, de ses profondeurs; l'Afrique qui est plus voisine et qui a été chrétienne autrefois, pour ses infortunes passées, pour ses grands hommes, pour ses saints. Aimez, quoi que vous en ayez souffert, quoi que vous en puissiez souffrir encore... Aimez-la avec ses souvenir, ses légendes, ses traditions de respect et de foi, la résignation stoïque qui l'immobilise dans son sépulcre... Les Patriarches ont aimé jusqu'aux pierres de Sion, symbole pour eux de tant d'espérances... À leur exemple, j'ai tout aimé dans notre Afrique: son passé, son avenir, ses montagnes, son ciel pur, son soleil, les grandes lignes de ses déserts, les flots d'azur qui la baignent...

**Puisse ma voix se faire entendre de vous! Elle se taira bientôt dans ce monde, mais du fond de la tombe elle vous tiendra les mêmes discours qu'elle vous tient depuis tant d'années... "** (Instructions aux Missionnaires, édition de 1950, p. 210).

8. Komera rero ku muheto muri iyo ntumbero. Uko ibintu vyari igihe yandika ayo majambo, si ko biri uyu musi. Mugabo, naho ari mu bundi buryo, Afrika iracagowe, iracacurwa bufuni na buhoro. Kenyera rero mubandanye mwihatira kwiga no kurimbura uburyo bushasha mwokoresha kugira ngo mugume mushingira intahe ingabirano ndangamuhamagaro y'Umuvyeyi wanyu.
9. Umuvyeyi wacu Papa Fransisko ntasiba kuduhimiriza kwitwararika abari kure, ku mpera y'urukundo n'umwitwarariko w'abifise n'abategeka abandi. Uretse n'uko muri rusangi Afrika yofatwa nk'uko, uyigereranije n'ibindi bihugu vo kw'isi, no mu gihugu kimwe kimwe mu biyigize, hari henshi hameze nk'uko. Muraguma muhitwararika. Ndabona ko Abapatiri bera mwirabura muriko muragwira, ntimuze mudohoke kuri uwo mwitwarariko.

## **Ugusozerá**

10. Mu guhimbaza uno musi mukuru, turabasabira kandi kugira ngo mubandanye mugwira, muronke abasaserdoti benshi b'abamisionari b'Afrika n'ababikira b'Abamisiyonari b'Afrika benshi babandanya gukwiragiza muri Afrika yose iragi rya Kardinali Lavigerie. Nico gituma tuboneyeho no kubakeza kuri uyu musaserdoti mushasha ahejeje kwatirwa,

ku badiyakoni babiri umwe ariko aratirirwa i Nairobi uwundi i Kinshasha twongera kandi dukengurukira Imana ku bamisiyonari b'Afrika bane bashirwa mu murwi w'abahimbazwa na Papa Fransisiko.

11.Ikindi tubasabira ni uko Imana yobandanya yitorera mu Barundi n'Abarundikazi bo nyene abinjira mu miryango yanyu benshi, kugira ngo iyi Afrika yacu, uhoreye mu Burundi, ibandanye ironka abayimenesha Inkuru nziza, mbere hanaboneke n'abaja kuyimenesha no hakurya y'Afrika.

Turangije tubaragiza Bikira Mariya Mugabekazi w'Afrika.

¤Yohakimu NTAHONDEREYE

Umwepiskopi wa Diyoseze ya Muyinga akaba n'Umukuru w'Inama y'Abepiskopi Gatolika b'i Burundi